

Lè Pitit ou Gen 5 an



Non Timoun nan

Laj Timoun nan Dat Jodi a

Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay enfòmasyon enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 5yèm anivèsè nesans li. Ale avèk lis sa a epi pale avèk doktè pitit ou pandan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak kisa pou w atann apre sa.

Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- Timoun nan vle fè zanmi plezi
- Li vle tankou zanmi li yo
- Li pi ka dakò avèk règ yo
- Li renmen chante, danse ak aji
- Li konnen sèks moun
- Li kapab di sa ki vrè ak sa ki fè moun kwè
- Li montre li pi endepandan (pa egzanp, li ka vizite vwazen toupre a poukont li [sipèvizyon adilt toujou nesèsè])
- Li egzijan pafwa epi pafwa li kolabore anpil

Langaj/Kominikasyon

- Timoun nan pale pi akèl
- Li rakonte yon istwa senp ki gen anpil fraz
- Li itilize tan fiti; pa egzanp, "Granmè ap isit la."
- Li di non ak adrès

Koyitif (aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- Timoun nan konte jiska 10 oswa plis bagay
- Li kapab fè pòtre yon moun ki gen omwen 6 pati nan kò li
- Li kapab ekri kèk lèt oswa chif
- Li kopye yon triyang ak lòt fòm jewometrik
- Li konnen bagay yo itilize chak jou, tankou lajan ak manje

Mouvman/Devlopman Fizik

- Timoun nan kanpe sou yon pye pandan 10 segonn oswa plis
- Li sote; li kapab sote
- Li kapab fè yon wouldad
- Li itilize yon fouchèt ak yon kiyè epi pafwa yon kouto tab
- Li kapab itilize twalèt poukont li
- Li balanse ak eskalade

Pou w Aji Bonè, Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit ou:

- Timoun nan pa montre anpil kalite emosyon
- Montre konpòtman ekstrèm (raman li pè, agresif, timid oswa tris)
- Izole tèt raman epi pa aktif
- Distrè fasil, li gen pwoblèm pou konsantre sou yon aktivite pandan plis pase 5 minit
- Pa reponn moun, oswa li reponn sèlman apèn
- Pa kapab di sa ki vrè ak sa ki fè moun kwè
- Pa jwe anpil kalite jwèt ak aktivite
- Pa kapab di prenon ak non fanmi li
- Pa itilize mo pliryèl oswa tan pase kòrèkteman
- Pa pale sou aktivite oswa eksperyans chak jou
- Pa fè desen
- Pa kapab bwose dan li, pa kapab lave ak seche men li, oswa Pa kapab dezabiye li san èd
- Pèdi ladrès li te genyen avan

Di doktè oswa enfimiyè pitit ou si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmanal posib pou laj sa a, epi pale ak yon moun nan kominote ou ki abitye ak sèvis pou timoun nan zòn ou a, tankou lekòl piblik lokal ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.cdc.gov/Concerned oswa rele **1-800-232-4636**.

Yon adaptasyon CARING FOR YOUR BABY AND YOUNG CHILD: BIRTH TO AGE 5, Fifth Edition, redije pa Steven Shelov and Tanya Remer Altmann © 1991, 1993, 1998, 2004, 2009 pa the American Academy of Pediatrics ak BRIGHT FUTURES: GUIDELINES FOR HEALTH SUPERVISION OF INFANTS, CHILDREN, AND ADOLESCENTS, Twazyèm Edisyon, redije pa Joseph Hagan, Jr., Judith S. Shaw, ak Paula M. Duncan, 2008, Elk Grove Village, IL: American Academy of Pediatrics. Lis devlopman sa a pa ranplase yon zouti evalyasyon devlopmanal ki estanda ak valide.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-232-4636



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Ede Pitit ou a Aprann ak Grandi



Ou ka ede pitit ou a aprann ak grandi. Pale, li, chante, epi jwe ansanm chak jou. Anba la a se kèk aktivite pou w ka amize w ak pitit ou ki gen 5 an an jodi a.

Kisa ou ka fè pou Pitit ou ki gen 5 an:

- Kontinye planifye lè pou jwe ak lòt timoun, ale nan pak, oswa gwoup pou timoun jwe. Bay pitit ou plis libète pou chwazi aktivite pou jwe ak zanmi, epi kite pitit ou a rezoud pwoblèm li yo poukont li.
- Pitit ou a ka kòmanse reponn ou oswa di betiz (gwo mo) pou li ka santi li endepandan. Pa bay kalite pawòl sa yo twòp enpòtans, apa jis mete li nan yon kwen pou yon ti tan. Pito, fè louwanj pitit ou lè li mande pou yon bagay jantiman epi li aksepte sa trankilman lè ou di “non” pou yon bagay li mande.
- Sa a se yon bon moman pou pale ak pitit ou sou fason pou moun touche li ki san danje. Piga okenn moun touche “pati prive” li apa doktè oswa enfimyè panda yon egzamen oswa lè paran timoun nan ap fè twalèt li.
- Montre pitit ou adrès ak nimewo telefòn li.
- Lè w ap li pou pitit ou, mande li pou li devinen sa ki pral pase apre nan istwa a.
- Ankouraje pitit ou pou li “li” kote li gade foto yo epi rakonte istwa a.
- Montre pitit ou konsèp tan tankou maten, apremidi, aswè, jodi a, demen, ak yè. Kòmanse montre li jou yo nan semèn nan.
- Eksplore enterè pitit ou a nan kominote w la. Pa egzanp, si pitit ou a renmen bèt, vizite yon zou oswa fèm. Ale nan bibliyotèk la oswa gade sou entènèt la pou aprann sou sijè sa yo.
- Kenbe yon bwat ki gen kreyon koulè, papye, penti, sizo pou timoun, ak pat. Ankouraje pitit ou a pou li desinen ak kreye pwojè atizanal ak diferan materyèl.
- Jwe ak jwèt ki ankouraje pitit ou a mete bagay yo ansanm.
- Montre pitit ou a kijan pou li rale ak pouse janm li nan yon balanswa.
- Ede pitit ou monte sou kaj-a-poul yo.
- Al fè ti mache ak pitit ou a, fè lachas nan katye oswa pak ou, ede l monte yon bisiklèt ak ti wou establitatè (ak yon kas).